ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№79 (23.237) • 2016 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 27, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Мишковэ И. В. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етыным и Іуэхуі1э**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэрал властым и органхэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын **Мишковэ Ириня Василий и пхъум** - Фізкіыпіэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэ фондым и унафэщІым.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м*
*№48-УГ*

# КІуэкІуэ Юрий хуэзащ КъБР-м и цІыхубэ артист Нэхущ Чэрим

**КІуэкІуэ Юрий Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэ Іуэхущ1апІэу Москва щыІэм дыгъуасэ щыхуэзащ творческэ Іуэхущ1э къалащхьэм кІуа, республикэм и цІыхубэ артист Нэхущ Чэрим.**

УЭРЭДЖЫЛАКІУЭ цІэрыІуэр тепсэлъыхьащ адыгэ лъэпкъ музыкэр, эстрадэм и иджырей макъамэхэр щыІуну концерт программэхэр зэригъэхьэзырым, проектыщІэхэм зэрелэжьым.

- Уэ уи творчествэр Кавказым исхэм фІыуэ ялъагъу, абы зи ныбжькІэ зэхуэмыдэ цІыхухэр дехьэх. ШЭч кьытесхьэркъым ахэр уэ дяпэкІи куэдрэ зэрыбгъэгуфІэнум, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий икІи уэрэджыІакІуэм творческэ ехьулІэныгъэщІэхэр иІэну ехьуэхъуащ.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.***

# КІуэкІуэ Юрий ІущІащ художник, график, скульптор цІэрыІуэ Шемякин Михаил

**КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Москва щыхуэзащ художник, график, скульптор цІэрыІуэ Шемякин Михаилрэ абы и щхьэгъусэмрэ.**

ПСОРИ зэрыщыгъуазэщи, художникым и адэр лъэпкъкІэ адыгэщ, Къарджанхэ ящыщщ. Шемякин Михаил къыщыхэкІа лъэпкъым хуабжьу ирогушхуэ. Аращ зи жэрдэмыр Кавказ Ищхьэрэм и художникхэм я центр Франджым къыз3рыщыз3рагъэпэщар. Шемякин Михаил къыз3рилъытэмкІэ, ар сэбэп хьунущ, зы лъэныкъуэкІэ къащтэмэ, «щІалэгъуэлар егъэлеиныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыхъумэныкІэ», апхуэдизу Европэм исхэр ди щІыналъэм и щэнхабзэм щыгъуазэ щыпнымкІэ.

КІуэкІуэ Юрий художникым фІыщІэ хуищІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэ, хъыджэбз нэхъ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъхэм зэпымыууэ къаззрыдэІэпыкъум папщІэ. Республикэм и Іэтащхьэм зэщхьэгъусэхэр, я Іуэхур нэхъ щыхуэкІуэм деж, ди щІыналъэм щыхьащІэну къригъэблагъэжащ.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.***

● Мэлыжьыхьым и 27-р Урысей парламентаризмэм и махуэщ

# Демократием и хабзэхэр зэтегъэуВэнымкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэ

**Урысей парламентаризмэм и дежкІэ 2016 гъэр юбилейщ. Ильэси 110-рэ ялэкІэ лажьэу уеужьащ законхэр къыдэзыгъэкІ, цІыхубэм Іэ1эткІэ хах Къэрал Думэр. А лІыкІуэ органыр щыщІыІа ялэ лъэхъэнэм нэрылъагу къэхъущ къэрал унафэр зэрызэрагъакІуэ щыкІэм зэрызихъуэжыр политикэ, экономикэ, социальнэ Іуэхуэхэм быдзу зэрапыщІар. А зэманым и дерсхэм Іэмал къыдат иджырей Урысейм зегъэужьынымкІэ Къэрал Думэм иІэ мыхьэнэм и инагъыр нэсу къыдгурыІуэну. Иджыпсту а псоми гулъытэ хэха яІэщ, сыту жыпІэмэ, 2016 гъэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр щыхах иІэсщ.**

УРЫСЕЙ парламентаризмэр демократием къыгуэхьІпІэ зимыІэ и Іыхьэщ, граждан жылагъуэ зэхэлъыкІэ тэмэм зэтегъэуВэным хуэгъэпса Іэнатіэщ. Абы дэ Іэмал къыдет жылагъуэм и гъащІэм и Іыхьэ зэмылІэужьыгъуэхэм яплщІа Іуэхуэхэм зэщІыгъуэу унафэ тетщІыхьынымкІэ, цІыху псоми я сэбэп зыхэлъхэр къэтпъытэнымкІэ.

Иджырей лъэхъэнэм парламентаризмэм егъэлеяуэ псынщІэу зэрызиужьыр нэрылъагу къытащІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэр зэрызэтеувам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и парламентаризмэм и тхьдэр жыжьэ къыщожьэ, абы и зыужьыкІэр къыгуэхьпІэ имыІэу яплщІащ епщыкІубгъуанэ, етІощІанэ лІэщІыгъуэхэм я зэблэкІыгъуэм Урысейм щекІуэкІа политикэ Іуэхуэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и лІыкІуэ орган нэхъыщхьэм и къежьапІэр 1936 - 1937 гъэхэм ирагъэкІуэкІа конституцэ реформэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым автоном республикэм и статус къызэрыратамрэ яплщІащ.

Блэкіа лІэщІыгъуэм и 90 гъэхэм щыІа жылагъуэ-политикэ, экономикэ щытыкІэ гугъуэ щыхэта зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псынщІэу зызыхъуэжь Урысейм щІыІгъын хуей уВыпІэр иубзыхуащ икІи демократиер гъэбыдэным, законыр зи лъабжьэ граждан жылагъуэ зэтегъэуВэным и гъэзуг къыхихащ.

Республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым - и япэ хэхьгъуэм и депутатхэм папщІэ Іэ щІэтауэ щыта 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-рщ. Иджы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым депутат 70 хэтщ, щещІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ.

Егоровэ Татьянэ

абыхэм ящыщу 18-р зэпымыууэ Парламентым щолажьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къэрал властым и органхэр, граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэр къыздэрызэрагъэпэщ, ахэр зэрылажьэ хабзэ лъабжьэхэр зэтегъэуВэныр. 1997 гъэм фокІадэм и 1-м Парламентым къищтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэр - Урысей Федерацэм хэт, демократие хабзэхэр зи лъабжьэ иджырей къэралыгъуэм и япэ конституцэр.

*(КІэухыр 2-нэ нап.).*

# ЕхъулІэныгъэ нэрылъагъухэмкІэ дыфщогугъ

ПщІэ зыхуэтщІ депутатхэ, хэхаІуэхэ, ди лъахэгъу лъапІэхэ!

Урысей парламентаризмэм и махуэмкІэ ди гуапэу дынывохъуэхьу

ЦІыхубэм къэрал унафэр ІэщІэлъу щытыпымкІэ Урысейм щыІэ хабзэм лъабжьэ куу иІэщ. Ди адэжьхэм нэгъэсауэ къагурыІуэу щытащ къэралыр зехьэным жыджэру хэтыныр дэтхэнэ зы цІыхуми и къалэн лъапІэу зэрыщытыр икІи блэкІа лІэщІыгъуэхэм къриубыдэу а хабзэм зыкІи зихъуэжакъым.

Урысей Федерацэм и Конституцэм ипкъ иткІэ, дэ хэтхыну икІи дыхахыну хуитыныгъэ диІэщ. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми законым Іэмал кърет ищхьэкІэ езым, ар щыпсэу къалэм, районым, республикэм, къэралым я къэкІуэнур къызэгъэпэщыным езыри хэтыну. ИкІи пщэдейм хуэгъэзауэ я Іэмалыр къэзыгъэсэбэпыну зэлъытар дэращ, ди граждан зэхэщыкІырщ!

Хэкум щызэтеуВа парламентаризмэм властыр зэпэгъэщхьэхуэныкІэ увыпІэ хэха иІыгъщ икІи властымрэ цІыхубэмрэ зэрыщІэну щытыныкІэ ар хэкІыпІэшхуэщ. Законхэр къыдэзыгъэкІ, лІыкІуэ органхэм зэманым кьигъуэ къалэнхэр Іупщу яубыху, ди чэзу социальнэ политикэ къалэну къэралым къыпэщытхэр дэгъэкІыныжкІэ щІэгъэкъуэнышхуэ мэхъу икІи жылагъуэ зыужьыныгъэм и гъэзуг абыхэм ягъэлъагъуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр тэмэму мэлажьэ икІи абы социальнэ жэуапльныгъэ зыпылъ политикэр пхыгъэкІыныжкІэ, КъБР-м и экономикэр къэгъэщІэрэщІэжныжкІэ хабзэ лъабжьэхэр къызэрегъэпэщ, жылагъуэ-политикэ зэпыщІэныгъэмрэ зэпсэльэныгъэмрэ я хэкІыпІэхэр еубзыху.

Властым и кІудамэ псори зэдэлажьэныр, республикэм и Парламентыр граждан жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм яплщІауэ щытыныр демократиер гъэбыдэныжкІэ икІи зыужьныгъэ гъэзугм тету япэкІэ кІуэтэныжкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэ дыдэщ.

Дынывохъуэхьу узынщагъэ быдэ, ефІэкІуэныгъэ фиІэну, евгъажьэ Іуэху псори къывэхъулІэну, зэІуахуэ губзыгъагъэ зыхэль унафэхэр къызэрыфщтэным фыхуэхьэзыру фыщытыну, Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Урысей псом фІыгъуэ яІэным хуэгъэза лэжьыгъэшхуэ евгъэкІуэкІыну икІи абы и лъэныкъуэкІэ ехьулІэныгъэ нэрылъагъуэхэр фиІэну.

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр.***

● Къулыкъу

## Тараев Игорь Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр егъэзащІэ

**Прохладнэ къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ и советым 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр игъэзэщІэну и пщэ щралъхьащ Тараев Игорь Владимир и къуэм.**

ТАРАЕВ И. В. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Тэрч къалэм 1971 гъэм къыщалъхуащ. Ростов дэт къэрал университетым гъущІ гъуэгу инженерым и Іэщ1агъэ щызригъэгъуэтащ.

1990 гъэм лэжьэн щІидзащ. Абы Кавказ Ищхьэрэ гъущІ гъуэгум илъэс тІощІым щІигъукІэ унафащІ Іэнатіэхэр щІигъащ. Прохладнэ къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжкІэ и советым и епІанэ хэхьгъуэм и депутату, КъБР-м и Парламентым и депутату хахащ.

ЯпэкІэ Прохладнэ къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэу щыта Кладько Игорь «РусГидро» акционер зэгъуэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр Іуэхущ1апІэм и унафэщІу яГъэуващ.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.***

● «Студент гъатхэ - 2016»

# КъБКъУ-м щрагъажьэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэм художественнэ творчествэмкІэ я «Студент гъатхэ - 2016» фестивалыр мэлыжьыхьым и 25-м къыз3Іуэхащ.**

ФЕСТИВАЛЫР илъэс къэс кьызэрагъэпэщ икІи ар хуэунэтІащ КъБКъУ-м зэфІэкІ зиІэ и студентхэр къэгъэзэІуэным, абыхэм зрагъэужьыным. Іуэхум еджапІэм и студент псори хэтщ.

КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий фестивалым хэтхэм фІэхъус яриХащ: «Мыпхуэдэ зэхьыхь дахэр зэревгъэжьамкІэ сынывохъуэхъу. Мы махуищым и кІуэцІкІэ наІуэ къэхъунущ студентхэм я урысейпсо гъатхэм зыкъыщызыгъэлъэгъуэну гуп нэхъыфІыр. Зэпеуэм хэтхэм екъулІэныгъэ фиІэну, утыкум зыкъыщызыгъэлъагъуэхэм еплІыну зыкърезыгъэхьэлІахэм зывгъэпсэхуну си гуапэщ».

Гупхэм я зэфІэкІыр махуищым кІриубыдэу хэапщытэнущ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, Эстрадэмкіэ театрым и художественнэ унафэщІ Думэн Мурадин, Краснодар и КВН лигэм и чемпион, КВН-м и премьерлигэм хэта Шэт Атмир, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистэ Ракитинэ Иринэ, телевиденэм и лэжьакІуэ Аттаев Азнор, пародист Дзэгъащтэ Азэмэт сымэ.

Япэ махуэм педагогикэмкІэ, социальнэ лэжьыгъэмкІэ, сервисымрэ туризмэмкІэ, политехникэ, химиемрэ биологиемкІэ институтхэм я зэфІэкІ ягъэльэгъащ. Дэтхэнэ гупми я программэр гъэщІэгъуэн хъуащ, кьафахэмкІэ, уэрэдхэмкІэ, театр теплъэгъуэхэмкІэ гъэнщІауэ, КВН джогухэр хэту анхуэдэт.

Кьыхэгъэщыпхъэщ, 2016 гъэр Киномрэ и илъэсу зэрагъэувам хьхьэу, зэхьхьэм хэтхэм я номерхэр «Мис ар кинощ!» гупсысэр кьыхэщу яхуэн зэрыхуейр. ЯпэщІыкІэ гупхэм зыкърагъэщІыхьри, цІыхубэ творчествэм теухуа номеритІ утыку кьрахьэ. КьыкІэлъыкІуэу кьагъэлъагъуэ жанр зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщ номеритху. Псори зэхэту гуп кьэс номери 8 ягъэзащІэ, дэтхэнэми дакьикъэ 40-кІэ зыкъегъэлъагъуэ. А зэманым кьымытІасэ гупхэм я балл бжыгъэр ягъэмащІэ, ауэ зэхьэзэхуэм хагъэкІыркъым. Профессиональнэ уэрэджыІакІуэ, кьэфакІуэ гупхэм зыкьагъэлъэгъуэну хуитыныгъэ яІащ ахэр зи цІэкІэ утыку ихьэ студентхэм и ныкъуэр а гупым хэту щытмэ.

«Студент гъатхэ - 2016» зэхьхьэм пашэ щыхьэр кьагъэнэІуэнущ зэпеуэм и кІэух концертым.

**ШАЛ ФатІимэ,**
*КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.*

## Къыдэщ1хэм я бжыгъэм хохъуэ

**Клинтон Хиллари США-м и хэхакІуэхэм я пащхьэм иджыблагъэ къыщыпсалъэу къыхигъэщащ езыр къэралым и президент хъумэ, и правительствэр Америкэм ещхь ищІыну зэрримурадыр.**

Абы къригъэкІаращ: США-м щыпсэухэм я зэхуэдитІыр цІыхубзщи, и кабинетми бзылъхугъэ куэд дыдэ щылэжьэнущ.

Клинтон президент къулыкъур къыльысыныр зыхуэІуэ щыІэхъым, уеблэмэ, кІуэ пэтми абы нэхъ пэгъунэгъу мэхъу. Нью-Йорк иджыблагъэ щекІуэкІа праймеризым хэта демократхэр Хиллари и телъхьэу къуваща икІи а партым кьыбгъэдэкІыу президент хэхыныгъэхэм хэтыну и закъуэу кьыщІэкІынущ.

И ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэ мелардыбрыжэ Трамп Дональдрэ Клинтон Хилларирэ иджыри зэманыфІ яІэщ цІыхухэр кьыдахьэхыну - зэрытщІэщи, США-м и президентыр щыхахынур щэкІуэгъуэм и 8-рщ.

## Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным егугъуркъым

**КхъухьлъатэхэмкІэ цІыхухэр къешэкІын Іэнатіэм шынагъуэншагъэр кьыщызэгъэпэщыным Европэм и къэралхэм ящыщу нэхъ емылІалІэр Германиерщ.**

Абы теухуа къэпщытэныгъэхэр езыгъэкІуэкІа Іэщ1агъэлІхэм ягъэщІагъуэ: зи экономикэм апхуэдизу зиужьа къэрал лъэщым а Іуэхум хуэфащэ гулъытэ щхьэ хуимыщІра? Ар абыкІэ яужь итщ Словакиеми, Албаниеми, Босниемрэ Герцеговинэмри.

Іэмал имыІэу узытетын хуей хабзэу а къэралым и аэропортхэм 18 кьызэрыщызэпаудыр кьыщІагъэщащ. Псалъэм папщІэ, кхъухьлъатэр гъуэгуанэ техьэным и пэ къихуэу абы и экипажым зэрызигъэпсэхун хуейм хуэфащэ гулъытэ хуащІыркъым, а Іэщ1агъэм зэрыхуэрагъаджэ щыІэкІэм щыщІэ.

Абы теухуа къэпщытэныгъэхэр ягъэщІагъуэ: зи экономикэм апхуэдизу зиужьа къэрал лъэщым а Іуэхум хуэфащэ гулъытэ хуащІыркъым, а Іэщ1агъэм зэрыхуэрагъаджэ щыІэкІэм щыщІэ.

**♦Урысейм и МВД-м и къэрал кІуэцІ дзэхэм я часть хэхахэм я махуэщ**
**♦УФ-м и нотариальнэ Іуэхущ1апІэхэм я махуэщ**
**♦1908 гъэм** мылым лъэрыжкІэ къыщыфэныр Олимп джэгуэхэм я программэм хагъэхьащ.
**♦1908 гъэм** Инджылызым и къалащхьэ Лондон къыщызэІуахащ IV къэмахуэ Олимп джэгуэхэр. Ахэр щызэхуащІыжар жэпуэгъуэм и 31-рщ.
**♦1961 гъэм** СССР-м и къыщызэрагъэпэщащ Мамырыгъэм и фонд.
**♦1974 гъэм** Байкал-Амур гъущІ гъуэгур (БАМ-р) ухуэн щІадзащ.
**♦**Сабий дохутыр, хирург ІэрыІуэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, жылагъуэ лэжьакІуэ **Рошаль Леонид** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.
**♦**УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр и лауреат **Шыбзыхъуэ Басир** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.
**♦**Шэрджэс политик, хьэрычэтыщІэ, псапащІэ **Къэзанокъуэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

**Дунеим и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» - сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІальэ-пІальэкІэрэ уэшх къыщыеушынущ. Хуэбэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 12 - 14 щыхьынущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Япэ уимыщмэ, ущыным уеукІ.**

# «Спартак-Налшыкым» бжьыпэм зыщегъэбыдэ

● Футбол

**Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щеКІуэкІ зэхьэзэхуэм ипкъ иткІэ «Спартак-Налшыкыр» Прогресс посёлкэм «Биолог-Новокубанск»-м вэсэмахуэ щыцэджэгуащ.**

ДИ ЩІАЛЭХЭР абы 2:0-у щытекІуащ икІи зэпеуэм я пашэныгъэр щагъэбыдащ. Налшыкдэхэм ящыщу топхэр дагъэкІащ Соблир Астемырэ Гугуев Магомедрэ.

«Биолог-Новокубанск»-мрэ «Спартак-Налшыкмрэ» я зэІущІэр зэрекІуэкІамрэ зи чэзу джэгугъуэм иужькІэ турнир таблицэм игъэта теплъэмрэ ятеуэху тхыгъэ ди газетым тетынущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# Демократием и хабзэхэр зэтегъэувэнымкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Парламентым зэтригъэуващ къэрал укуэкIмрэ щIыпIэ унафэр зэрызэрагъакIуэмрэ зегъэужьным, инвестицэ, инновацэ, къэрал щIыб экономикэ лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьным, экономикэм мылъку къэзылэжь и IэнатIэм хиубыдэ хозяйствэхэм, абыхэм бизнесым и Iуэхущ1апIэ мыинхэмрэ курытхэмрэ яхэту, защIэгъэкъуэным, зи Iуэхур нэхъ хуэмыщIа цIыху гупхэм ядэIэпыкъуным, цIыхухэм я уэзыншагъэр хъумэнымрэ гъэбыдэнымрэ яхуэгъэзэ закон лъабжьэхэр.

Депутатхэр нэхъ зэгугъу лэжьыгъэхэм ящыщ зыщ лъэпкъ куэд зэрыс Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм я щэнхабзэм, хъугъуэфIыгъуэхэм, хабзэхэм яхуэсакъыныр, абыхэм нэхъри зегъэужьныр.

Зэманыр щыхьэт техьауад депутатхэмрэ хэхакIуэхэмрэ я зэпыщIэныгъэм хуабжьу сэбэпынагъыщхьуэ къыззрихьым. КъБР-м и Парламентым и депутатхэр я щхьэ IуэхукIэ къекIуалIэ цIыхухэм щIэх-щIэхыурэ щ1ахуоэ законхэр къыдэзыгъэкI органым, республикиэм и муниципальнэ щIыналъэхэм, политикэ партхэм я Iуэхущ1апIэхэм. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэр икъукIэ сэбэнщ республикиэм исхэр зыгъэпIейтейхэмрэ абыхэм я гурыгъу-гурыщIэхэмрэ нэрыльагъу къэщIыныкIэ. Абы къыдэкIуэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикиэм и Парламентым зэпымыууэ щолажьэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм законодательствэр къыщызэпаудым теухуауэ здэпсалъэ хъун, зыхуэфащэ чэнджащхэр къыщратын телефон.

Къэбэрдей-Балъкъэр парламентаризмэм и зыужьыкIэм уцытепсэльыхьыкIэ гупыпытэншэу къэбгъанэ хъунукъым щIалагъуалэ парламентаризмэм и Iуэхур. Абы и хабзэ нэхъыщхьэхэр республикиэм щызэтеуващ икIи а хабзэхэм тэмэму заужь. ЩIалэ, хъыджэбз нэхъ жыджэрхэр хэту, КъБР-м и Парламентым и деж ЩIалэгъуалэ палатэр Урысей Федерацэм и субъектхэм ящыщу нэхъ пасэу 2007 гъэм къыззэшIэпэщ1ахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикиэр. Абы и епIлIанэ хэзыгъуэр мы зэманым хъарзынэу мэлажьэ. Хуабжьу гуапэщ парламентар ныбжьыщIхэмэ я зэфIэкIым гъэ къэс нэрылъагъуу зэрыхэхъуэр. Хабзэ мардэхэр гъэхьэзырыныр, егъэджэнымгъэм и Iэнатlэм пыщIа Iуэхущ1эхэр убыхуныр, псапащIэ Iуэхуэр республикиэм и ЩIалэгъуалэр парламентым япэ иригъэщхэм ящыщщ. Республикиэм и щIалэгъуалэр гъащIэм нэхъ куууэ хэшэныкIэ абы къиIэта икIи КъБР-м и Парламентым и депутатхэм даIыгъа жэрдэмым нэрылъагъуу щIигъэхуэбжьащ республикиэм и щIалэгъуалэ зэщIэхъеенныгъэр.

Парламентаризмэм зегъэужьныкIэ къалэныщхуэ егъэзащIэ парламент зэпыщIэныгъэхэр зэтегъэувэным, ахэр гъэбыдэным. Парламент зэдалэжьныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикиэм и Парламентым ярищIылIащ Урысей Федерацэм и субъект 16-м я къэрал властым законхэр къыдэзыгъэкI и органхэм. Ар лэжьыгъэр нэхъ сэбэп пылъу зэтедгъэувэныжкIэ, депутатхэм я зэхэщIыкIымрэ правовой щIэныгъэр хэгъэхъуэныжкIэ сэбэп къытхуохъу.

А зэгурыIуэныгъэхэм ящыщу мы хьэнэ хэха иIэу къэплъытэ хъунущ федеральнэ законхэр гъэхьэзырыныжкIэ зэдалэжьэным теухуауэ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикиэм и Парламентымрэ 2009 гъэм Москва къалэм щызэращIылIа зэгурыIуэныгъэм.

КъБР-м и Парламентым псори зэхэту Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм федеральнэ законхэм я проекту 80-м щIигъу къыщыхилъхьащ. Жэрдэм 12-р закону къащтащ.

Урысей парламентаризмэм и юбилейм ди цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ абы Iэмал къет парламентаризмэм и дерсхэр къалъытауэ иджырей гъащIэм и екIуэкIыкIэм и хабзэхэр убзыхуныжкIэ. Урысей демократием шэч къызытумыхьэжьи и екъуIэныгъэм ящыщу къеплъытэ хъунущ къэрал властым и лIыкIуэ, законхэр къыдэзыгъэкI органхэм я лэжьыгъэр цIыхубэм зэрыдаIыгъыр. Ар Урысейм и къэрал властым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикиэм и къэрал властым, жылагъуэ гъащIэм я Іыхьэ псоми зэхъуэкIыныгъэ тэмэмкIэ хэлъхьэныжкIэ кьыгуэхьпIэ зимыIэ и Іыхьэщ.

**ЕГОРОВЭ Татьянэ,**
*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикиэм и Парламентым и Унафэщ1.*

**Бахъсэн щIыналъэм и муниципальнэ лэжьакIуэхэм я махуэр ягъэлъэпIащ.**

АБЫ и щIыхькIэ зэхаша гуфIэгъуэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ, Бахъсэн районым и Iэтащхьэу щытахэу, абы и щIыпIэ самоуправленэм лъэныкъуэ псоми зегъэужьным хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэу Нэхущ Заурбий, Берд Хьэзрэталий, Къуэщ1ыскоъуэ Юрэ сымэ.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэ Сэбан Руслан.

Я махуэм и тхьэмрэ щIыпIэ самоуправленэр я районым зэрыщ1эзэтеува щIыкIэмрэ теухуауэ доклад ищIащ муниципалитетым и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн. Къуажэ советхэм я япэ унафэщIу щытахэм хэхауэ щытепсэльыхьым, Бахъсэн районым и цIэфI жезыгъэIа уэзщIакIуэхэр, еджагъэшхуэхэр, тхакIуэхэр, IэнатIэ лэжьакIуэхэр, театрхэмрэ эстрадэмрэ я артистхэр зыщигъэгъупщакъым - дзэтэнэми хуэфащэ псалъэ лъигъэсащ. Абы къигъэлъэгуащ япэ итахэм я лъэхъэнэм экономикэм и IэнатIэ псомкIи, социальнэ Iуэхуэхэмкlэ я щIыналъэр дапщэщи пашэхэм зэращIащ.

Зэман зэхуэмыдэхэм щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я Iуэхущ1апфэу щытыкIэ къыщIэзгъэзэнэщ1ыпIа зэгурыIуэныгъэхэр, Урысей Федерацэм и субъектхэм я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм я Iуэхущ1апфэу щытепсэльыхьым, Бахъсэн районым и цIэфI жезыгъэIа уэзщIакIуэхэр, еджагъэшхуэхэр, тхакIуэхэр, IэнатIэ лэжьакIуэхэр, театрхэмрэ эстрадэмрэ я артистхэр зыщигъэгъупщакъым - дзэтэнэми хуэфащэ псалъэ лъигъэсащ. Абы къигъэлъэгуащ япэ итахэм я лъэхъэнэм экономикэм и IэнатIэ псомкIи, социальнэ Iуэхуэхэмкlэ я щIыналъэр дапщэщи пашэхэм зэращIащ.

ЩIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыкIэмрэ зэIуэзэпэщIыныгъэмрэ зыхуэдэмкIэ щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм жэуаплныгъэшхуэ я пщэ кьыдохуэ. Сыт хуэдэ Iуэхукlи цIыхухэм я щхьэр зрахъэлIэр щIыпIэ властырщ. Абы кьыхэкIыу, псэукIэр езыгъэфIэкIуэну, цIыхухэр тыншу щIилжьэн, зыщагъэпсэхун щхьэкIэ, ди щIыналъэм хуэфащэ щытыкIэ къыщIэзэдгъэзэнэщ1ыпIа Ар зэхьэлIар щIыпIэ самоуправленэм и Iэщ1агъэлIхэм я Iэзагъэм, я зэфIэкIым, яхь жэуапым и закъуэкъым, атIэ цIыхухэм я жыджэрагъым, я зэхэщIыкIым, нэхъ Iэху гугъри зэуIу зэрызэфIахьам куэдкIэ елъытащ, - къигъэлъэгуащ район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэм икIи мамыр гъащIэ, зэIуэзэпэщIныгъэ яIэну, щIыналъэм зэпIэзэрыту зиужьыну зэригупэр къыхигъэщащ.

ИужькIэ КъБР-м и Правительствэм и фIыщIэ, республикиэм и Муниципальнэ щIыналъэхэм я зэгухэныгъэм, ЩIыпIэ самоуправленэм и урысейпсо советым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и МЧС-мрэ и Хэхакlуэ комиссэмрэ я щIыхь тхыльхэр районым и муниципальнэ къулыкъущIэхэм ираташ. Апхуэдэу район, къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэмрэ Iэщ1агъэлIхэмрэ ЩIэджэм муниципальнэ щIыналъэм и администрацэм и ЩIыхь тхыльыр хуагъэфащащ, щIыпIэ самоуправленэм зегъэужьным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIахэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iуэхущ1апIэхэм зэфIэкI кьагъэльагъуэу куэд щIауэ жьыджэру щIалажьэхэм фIыщIэ хуащIащ.

Зэхьхьэ гуапэр ягъэжьыфIащ ЩIэджэм районым и къэракIуэ, уэрэджьыкIуэ гупхэм.

**КIАРЭ Элинэ.**

# ПсэукIэр къызэзыгъэпэщхэр

щытар къэзыIуэтэж сурэт гъэщIегъуэнхэр зэIущIэм щагъэлъэгъуащ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ къызэхуэсасхэм щехьуэхъум къыхигъэщащ муниципальнэ къулыкъущIэхэм яхь жэуапыр зэрызыхащIэм, махуэ къэс зэфIагъэкI лэжьыгъэр зыхуэдэм щIыхуэхэм я дзыхьыр зэреплъытар.

ГуфIэгъуэ зэхьихьэм муниципальнэ къулыкъущIэхэм псалъэ гуапэ куэд щыхужаIаш, къыхэжаныкIаэр щагъэпэжащ.

**ЧЫЛАР Аринэ,**
*Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщ1.*

● Узыншагъэ

# Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъыфIхэм хабжэ

**Къуажэ щIалэгъуалэм я урысей зэгухьэныгъэмрэ Урысейпсо цIыхубэ фронтым узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэнатlэм и фIагъымрэ ар цIыхухэм сэбэп зэрахуэхъуэмрэ кIэлъыплъ центрымрэ ирагъэкIуэкIа къэщIэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр ящыщщ цIыхухэм щытыкIэр ефIэкIуэуэ къыщалъыта урысей хэгъуэгуихым. А Іуэхур ирагъэкIуэкIащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым узыншагъэр хъумэнымкIэ къызэригъэпэщa «ФIагъ лъагэ зиIэ икIи псоми я зэхуэдэ медицинэ» форумым кърикIуам ипкъ иткIэ, УФ-м и Президент Путин Владимир пшэрылъ къаззэрыщIщам къыхэкIыу. Къэпщытэныгъэхэр гъатхэпэм и ТI - 21 махуэхэм медицинэ Іуэхущ1апIэхэми нэгъуэщI щIыпIэхэми щрагъэкIуэкIащ. Зэуплъа цIыхухэм я процент 75-р кьалэдэсщ, адрейхэр кьуажэхэм щыщщ.

ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭ зиIэу ящыщщ Ростов, Тверь, Калининград областхэр, Шэшэн Республикэр, Краснодар крайр.

ЦIыху мини 10-м щIигъум я деж щрагъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэхэм кьарикIуахэр Урысейпсо цIыхубэ фронтым и сайтым кьралъхьащ.

Къэпщытэныгъэхэм ятепщIыхьмэ, медицинэ Іуэхущ1апIэхэм я лэжьакIэм арэзы кьищIыркъым кьуажэ пхыдзахэм щыпсэуэхэр. Зэуплъа хэм я процент 80-м къыхагъэщащ иркъуу Іэщ1агъэлIхэмкIэ къызэрызэмыгъэпэщар, фельдшер-акушер Іуэхущ1апIэхэм, поликлиникэхэм, сымаджэщхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр мыхьэнэншэ зэрыхъуар. «Ди къэралым иIэщ медицинэ Іэщ1агъэлIхэр гъущI гъуэгукIэ фIэкIа здынэмысифыну кьуажэхэр», - жиIащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым и Штаб нэхъыщхьэм и лIыкIуэ, Кьуажэ щIалэгъуалэм я урысей зэгухьэныгъэм и унафэщ1 Оглоблинэ Юлие.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, иужьрей илъэсхэм республикиэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и Іэнатlэм и мылъку-техникэ лъабжьэр ирагъэфIэкIуащ, медицинэм щIэуэ къыхьихьэ Іэмалыщ1эхэр жьыджэру лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп. Фельдшер-акушер Іуэхущ1апIэу 48-рэ, амбулаторэу 10, Анзорей кьуажэм сымаджэщ, Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м хэту унэщIэ къызэIуахащ, Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центр къызэрагъэпэщащ, Кардиоцентрым кардиохирургие Іэмалыр ящыщагъэсэбэпу щIадзащ, Республикэ клиникэ сымаджэщым и хирургие унэр, Республикэ клиникэ сабий сымаджэщым и кьуадамэу 9-м, Дзэлыкъуэ район сымаджэщым и гинекологие ленэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэй хуэзэу зэрагъэпэщыжащ. Республикэ клиникэ сымаджэщым зи Іэпкълъэпкъым фэбжь зыбжанэ зэуэ игъуэтахэм щеIэзэ, Чэнджэщ-диагностикэ медицинэ центрым хирургие, Аруан район сымаджэщым онкологие кьудамэхэр къыщызIуахащ. Апхуэдэу Сабий унэм хэту кьызэрагъэпэщащ узэифэ хьэпIэ къызэуэлIахэм ар ящыгъэпсынщIэным хуэхэа Іуэхущ1апIэ. Ахэр псори медицинэ ІэмэпсымэхэмкIэ ирокъу, Іэщ1агъэлIхэм я щIэныгъэм хагъэхъуащ. Мы зэманым яуху Перинатальнэ центр, Прохладнэ дэт сымаджэщым хэту унэщIэ, физкультурэ диспансерыр зэрагъэпэщыжьк.

Нэгъабэ лъандэрэ Компьютер, Магнитно-резонанс томографиехэр пщIэншэу ящI, мы гъэм дуплекс сканированиер, аллергие къэщIэтынагъэхэр ирагъэкIуэкI. Гу-лъынтхуэ, жьэн узыфэхэм илыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъущащ. КъыхьаугащIэ сабийуэ дунейм екьужэм я бжыгъэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щынэхъ мащIэхэм ящыщщ. ФIагъ лъагэ зиIэ технологиехэр кьагъэсэбэпурэ ди цIыхухэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр зэрыхуащIэнум хущIокъу, нэхъапэхэм апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэр щагъуэтыр федеральнэ центрхэрт. А псори хуэунэтIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикиэм и цIыхухэм ягъуэт медицинэ дэIэпыкъуныгъэр егъэфIэкIуэным. Іуэхум адэкIи кьыпащэнущ.

**КЪУЭДЗОКЪУЭ-НАУРЫЗ Лианэ,**
*КъБКъУ-м Филологиемкlэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкlэ и къудамэм и студент.*

# Ныбжьыщ1эхэр къыхашэ

**КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Іуэхуэмкlэ и министерствэм епха Къалэн куэд щагъэзащIэ щIалэгъуалэ центрымрэ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэмрэ я жэрдэмкlэ, иджыблагъэ зэхуэсащ Закон зэхэзыIэхъэ ныбжьыщIэм и школыр.**

ЗэIУЩIэМ кьрагъэблагъат школ самоуправленэхэм я пашэхэм я республикэ зэгухьэныгъэм хэтхэр. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр ящыщ1ыпхъэ хабзэхэр уэзыщIэм дегъэхьэхьным.

Закон зэхэзыIэхъэ ныбжьыщIэм и школыр кьызэзыгъэпэщ1ахэм я лэжьыгъэр зэхуэдэр зэхьхьэм щагъэлъагъуащ. ЩIалэгъуалэр щагъэгъуэзащ хабзэ уэзщIахэм я къэралым кьару щIаным и мыхьэнэм. Зэхуэсым хэта дэтхэнэми сертификатхэр иратыжащ.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

● Къэрал комитетхэм

# Экзаменхэр щат

**Фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэхэм я хьэрычэт лэжьыгъэр лицензэ зэращI хабзэм тету, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикиэм щыщ управляющэ компаниеу 3-м я унафэщIхэм КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ кIэлъыплъныныгъэмкlэ и къэрал комитетым мэлыжьыхьым и 21-м квалификацэ экзаменхэр щатащ.**

2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Федеральнэ закон №255-ФЗ-м 2014 гъэм фокIадэм и 1-м кьару игъэтащ. Фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ организацэхэм яхь жэуапыр абы щагъэткIиящ. 2015 гъэм накъыгъэм и 1-м щегъэжьауэ лицензэншэу ахэр ягъэлажьэркъым. Абы щхьэкIэ УФ-м Псэупlэмкlэ и кодексым Іыхьэщ1э хагъэхьащ.

Фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэнухэм я хьэрычэт лэжьыгъэр лицензэ ящIын папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэмал псори щыIэщ. Лицензэ щIыным и ар кьеIыхьжыным и унафэр республикэ комиссэм Іэщ1элъщ. Корруп1э нэщэнэхэр хагъэкIын мурадкIэ, жылагъуэ организацэхэм, хабзэубзыку Іэнатlэхэм, къэрал властым и къудамэхэм я лIыкIуэхэр абы хагъэхьащ. УнафэщI компаниехэм я Іэтащхьэхэр лэжьыгъэм зэрыкуэхьэзырыр къыщапщытэн папщIэ, къэрал комитетым пэшитху щагъэхьэзыращ, Іэмэпсымэ эхъаухэр ящIэжащ. Экзаменхэр пIалъэ пыуухыкIам тещIыхьауэ кьыIах. Сыхьэтитым кьриубыдэу упщIащм ящыщу 86-м ядэуэн тэмэм иратын хуейщ. Ахэр программэм упщIэ 200-м хэчыхьауэ къыхех.

Лицензэ комиссэм и секретарь Щоджэн Ларисэ зэрыжиIамкIэ, Урысей Федерацэм и дэнэ щIыпIи квалификацэ экзаменыр щатыну, аттестатыр къыщыIахыну хуитщ.

Фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэнухэм я хьэрычэт лэжьыгъэр лицензэ щIыныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэфIэкIым нэхъыфIу хагъэгъуэзэн мурадкIэ, комиссэр адэкIи гъунэгъу республикиэм дэлэжьэнущ.

**ГУЗЕЕВЭ Индирэ.**

● Зэпеуэхэр

# Мэлыжьыхьым и 29 пщIондэ

**«Профессиональнэ зэгухьэныгъэхэмрэ рабочэ кадрхэмрэ зегъэужьныныжкIэ «Урысей Ворлдскиллс» агентствэ» зэгухьэныгъэм, Бэрбэч Хьэтлутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр щыгъуу, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм промышленнэ робототехникэм и «Профессионал ныбжьыщIэхэр» (World Skills Russia) чемпионат зэIуха ирегъэкIуэкI.**

ЗэПЕУЭМ хэтщ илъэс 25-м нэс я ныбжьу курыт профессиональнэ щIэныгъэмрэ щIэныгъэ хъущIыхьэмрэ хуэгъэпса программэмкlэ еджэ студентхэр. Абы щытекIуэхэм Лъэпкъ чемпионатым и кIэух зэхьэзэхуэм кIуэну Іэмал яIэщ.

Регламентым икIи иткIэ, зэпеуэм хэтхэм экспертхэрщIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапIэм е и дэрэгъу предприятэм я лжьакIуэхэр ягъуэн хуейщ.

Махуитl и пэкIэ къызэIуаха чемпионатыр мэлыжьыхьым и 29 пщIондэ екIуэкIынущ.

**ХЬЭЖЫ Залинэ.**

# Газетым и щIыхькIэ

**«Кабардино-Балкарская правда» газетым и япэ номерым къыдэкIын зэрыщIидзэрэ илъэс 95-рэ щрикъум ирихьэлIэу абы и лэжьакIуэхэм Печатымкlэ и унэм и щIыбагъым къыдэт хадэм бжей, блашэ, пхьэхуей жыгыщIэхэр щагъэтIысащ.**

1921 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м Налшык къыщыдэкIащ «Красная Кабарда» газетым и япэ номерыр. Абы къытехуащ автономием ехьэлIа тхыгъэхэр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм газетым и цIэр зыбжанэрэ яхъуэжащ. 1924 гъэм - «Къэрэхьэлъкъ», 1931 гъэм - «Ленинский путь», 1934 гъэм - «Социалистическая Кабардино-Балкария», 1944 гъэм «Кабардинская правда» (балъкъэрхэр я Хэкум щрагъэIэпхъыкIам) щIэхэр зэрихьэу щытащ. Иджырей «Кабардино-Балкарская правда» фIощыгъэщIэм щIэту ар 1957 гъэм и гъатхэпэм щыщIэдзауэ къыдокI.

ЛIэщIыгъуэм нэблэгъуэ дунейм къытехьэ газетыр мазэ зыбжанэ фIэкI зэпагъэуакъым. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрыр бийм къыщаухъуреихьа махуэхэрщ. Абы щыгъуэми «За Советскую Кабардино-Балкарию» тхыльымпIэ напэкэр (листовкэхэр) зэбграгъэхащ, бийм зыIэщIиубыдэ республикиэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къащхьэщыт къуэхьлъатэхэм кърадзыхьурэ щыхуэмэ Іэрагъэхьэу.

КъыжьыIапхъэщ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и лэжьакIуэхэм Печатым и унэм деж щыхасахэм ящыщ бжей жыгэр иджыпсту зэрыкIуэдыжьыр. Абы щыгъуэми язныкъуэ бжейжэр илъэс минитIым нэблагъэкIэ мэпсэу, я лъагагъэр метр 50-м ноблагъэ. Нэхъапэхэм аэр зи гъунэжу щыта Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы апхуэдэ жыгхэм зэззмызэ фIэкIа ущрихьэлIэжыркъым. Къапщтэмэ, Налшык къалэм Нэхущымрэ Кировымрэ я щIэр зезыхьэ и уэрамхэм бжей закъуэтIакъуэ щыболъагъу.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гу зылъытапхъэ

# Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэу пщIэ зыхуащIхэ!

**Къэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэм тещIыхьауэ хьэпшыпхэр къегъэщэныр, лэжьыгъэхэр гъэзэщIэныр, Іуэхутхьэбзэхэр зэфIэгъэкIыныр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэмрэ а Іуэхум хэлъ хьэгъащIэхэм ятепщIэтыныжкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэмрэ ятеухуа къэпщытэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм ирегъэкIуэкI.**

КЪЭРАЛЫМРЭ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэм къызэращэхум хуэфащ дагъуэхэр, фи Іуэху еплыкIэхэр КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и электрон пощтым (opkbr и mail.ru) накъыгъэ дызыхуэкIуэм и 20 пщIондэ къеIагъэхьыну дыводлъэIу.

А Іуэхум теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэзэщ1акIуэ, хабзэгъэувэ властым и органхэм папщIэ республикиэм и Жылагъуэ палатэм игъэхьэзырыну чэнджащхэм ахэр хагъэхьэнуущ.

*КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.*

● Уаз

# Унагъуэм и унафэр зыІэщІэлъыр

**КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ: «Алыхь талэм ещІэ фи гум илъыр». Хьэдисми къыджеІэ: «Іуэхугъуэ псоми я къежьапІэр гуращ». Гумрэ псэмрэ зэрамыгъэзахуэр Іэпкълъэпкъым илэжьынукъым. Гур къабзэ щыхъукІэ, Іэпкълъэпкъри апхуэдэнущ, ауэ абы хьэрэмагъ щилъым и деж цІыхум и Іуэхущіафэри абы ещхь хъунущ. Апхуэдэщ жылагъуэмрэ унагъуэмрэ я зэхущытыкІэри. Унагъуэм Іуэху дахэ илъмэ, жылэри абы доунэ. Щыхум и хьэпшэным и къежьапІэр и гуращ, дунейм и щытыкІэм - унагъуэращ.**

УНАГЪУЭМ апхуэдизэ мыхьэнэ щиІэкІэ, ислъам динми абы гулъытэ хэха хуещІ. Хэт сыт хуэдэ къалэн и пщэдэлъын хуейми наІуэу къыдгурегъаІуэ Алыхьым. Ислъам диным къытхуигъэуву мардэм дытету ахэр дэтхэнэ зыми етхьэкІмэ, шэч хэлъкъым дунейри мамыру, зэпІэзэрыту зэрыщытыныр.

Тхьэм и жылэм дыщІэту унагъуэ къалэныр дгъэзэщІэнумэ, псом япэ дыдэу дэтхэнэ зыми хьэкъыу тпхыкІын хуейщ щІыхухъур унагъуэм щыпашэу, абы унафэр Іэщ1элъу зэрыщытыр. Алыхьым и псалъэу КъурІэным къыщыкІуащ: «ЦІыхухъухэр щІыхубзхэм ящхьэкІытщ» («Нисаі» сурэм и 34-нэ Іэятыр).

ЦІыху диныншэхэм е апхуэдэхэм едаІуэхэм щІыхубзхэм къыфІагъэщІыфу щІыхухъум унафэр Іэщ1элъмэ, бзылъхугъэр игъэпуду, ахэр я щхьэ хуимыту. Ауэ ар апхуэдэу щытхъыми. КъурІэн лъапІэм къыщыкІуащ «Бзылъхугъэхэр» сурэшхуэр - абы псори наІуэ къыттщещІ.

Къэтщтэнщи, къэралым унафэщІитІ исмэ е еджапІэхэм, лэжьапІэхэм Іэтащхьэ тІурытІ яІэмэ, дауэ пІэрэт зэрыхъунур? Шэч хэмылъу, апхуэдэ къэралри Іуэхущ1апІэри хэкІуедэжынурат. Сыту жыпІэмэ, зы унафэщІыр зы лъэныкъуэкІэ еІэнут, адрейм нэгъуэщІ лъагъуэ хишынут. Мис абы хуэдэщ унагъуэри. ГъэщІэгъэнракъэ, къэрал унафэщІым, еджапІэхэм, лэжьапІэхэм я унафэщІхэм фемыдаІуэ жызыІэ урихьэлІэркъым, сыту жыпІэмэ, абыхэм я жылэм щІэтын зэрыхуейр псоми лъэкъыу япхыкІащи. Ауэ щыхъукІи, «уи лЫм уемыдаІуэ» жызыІэхэр гъунэжу щыІэщ. Ар сыту пІэрэ къыщыхэкІыр?!

Ар къызыхэкІыр зыщ: Іуэхущ1апІэ унафэщІхэм жаІэр зымыгъэзащІэм къапэщІылъыр нэрылъагъущ. Апхуэдэхэм я лэжьапІэр ябгьынэн хуейщ. Унагъуэм унафэр щызыІэщІэлъыпхъэ щІыхухъум и жылэм щыпэувым и деж апхуэдэ бзылъхугъэхэм Алыхьым и пащхьэм щагъэвыжынур къагурыІуэркъым. Мис аращ насыпыншагъэ куэд къызыхэкІри унагъуэхэр нобэ бжыгъэншэу зэрызэтекъутэр къэзышэри.

Ауэ щыхъукІи, цІыхухъум и къалэн нэхъыщхьэщ Алыхьым и Іуэгум тету унагъуэр ихьумэну. ЩхьэгъусэмкІи бынымкІи жэуап тКІий зыхьыр аращ. Абыхэм я хьэкъымкІэ Тхьэм и пащхьэ жэуап зэрищІытынур ищІэжу, лей зэримыхьэу, унагъуэм хабзэ дахэ щызэригъэкІуэну цІыхухъум къытохуэ икІи упэщІэувэ хъунукъым. ЛЫм и унафэ зэрылъ унагъуэращ насыпри берычэтри здэщыІэр.

● Щапхъэ

# Муслъымэныгъэм и лъагъуэ дахэм тет бзылъхугъэ

**Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуа Унэж Мусаб ипхъу Майе зэрысабийрэ ислъам диным псэкІэ пэгъунэгъуу къэтэджащ. Абы и адэшхуэ-анэшхуэмрэ адэ-анэмрэ муслъымэныгъэр яфІэфІу, абы и лъагъуэ дахэм тету къэгъуэгурыкІуахэщ.**

МАЙЕ и ныбжьыр илъэс 14-м иту и анэр дунейм ехыжащ, гу щихуэну хунэмысу. Школыр ехъулІэныгъэкІэ къиухащ. ИужькІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым химиемкІэ и къудамэм Іэщ1агъэ щызригъэгъуэтащ. ФІыуэ ильаГуу къыхиха и Іэнатіэм илъэс зыбжанэкІэ ирилэжьащ.

- Си анэр пасэу щысІэщІэкІам, дунейр къыстеункІыфІаІуэ къыкІощІыхьуат, ауэ Алыхьым фІыщІэ ин хуэзощІ унагъуэ насып дахэ къызэрызитамкІэ, - жеІэ Майе. - Си гуащэ-тхьэмадэм зэи срагъэхъуэпсакъым анэ зыщхьэщытхэм, я быным хуэдэу къысхущытащ. Псэ хьэлэлу, бзэ Іэфіу къызэрызбгъэдэтам ахэр жэнэт Іыхьлы ищІауэ Тхьэм къыщІигъэкІ.

Си тхьэмадэ Къамбий Назир Къубэ-Тэбэ къуажэм дэт мэжджытышхэр ухуэным жыджэру хэтащ. Уеблэмэ, а Іуэхур къызэзыгъэпэщар аращ. Къуажэм хьыхэри, сом зырызыххэу къыхихащ мэжджытым ирахьэлІа мылъкур, езым къыхэхъуэри абы хилъхьащ. Еш имыІэу си тхьэмадэр телэжьащ мэжджытыр зыхуеи хуэзэу лэжьэным.

Майе КъурІэн еджажІэ зригъэщІащ, и нэмэзри нэщІри зэи блимыгъэкІыу къабзэу зэрехьэ. ФІыуэ ильаГуу зригъэгъуэта и Іэщ1агъэри Іэщ1ыб ищІри, нэгъуэщІ лэжьыгъэ пэрыуващ. И нэ къыхуикІыу зэригъэщІа КъурІэныр и гум хьыхащ икІи гъащІэм хуиІа еплъыкІэм зихъуэжащ. ЗыхуэзэфІэмыкІыж лЫжь-фызыжьхэм, зеинщэхэм сыт и лъэныкъуэкІи Майе нобэ ядоІэпыкъу. Си документ мытэмэмэм, е зимыІэжхэм ахэр яхуэзэрегъэпэщыж, докутырым мыкІуэфхэр ешэ, ныбжьэр узынщагъэкІэ къарунщэ хъуахэм сыт и лъэныкъуэкІи защІегъакъуэ.

- Гу зыщызмыхуэу дунейм ехьжа си анэмкІэ сызыхуэныкъуэ хуэбагъыр зыхуэзэфІэмыкІыж лЫжьфызыжьхэм ядзэгъуэту къысщохуэ. Ахэр зыгуэркІэ къыпщыгугъуэу къызэроплъ я нэхэм ущыщІэплъэм и деж гур якъутэ, ауэ сыт ищІысми зы мащІэ гуэркІэ гулъытэ яхуэзощІамэ, я нэгум кърих гуфІэгъуэр щыплъагъуэкІэ къыбГуроІуэ блэжьар насыпу щыІэм зэращхьэр, уи Іэдакъэщ1экІым фІэкІа дуней нэпцІым зыри зэрызыдытумыхыфынур, - жеІэ Майе.

КъурІэн лъапІэм дызыхуриджэр араща, фІы пщІэмэ, къыпэкІуэ фІыгъуэр щыдгъэтыжынущ ДыкъэзыгъэщІам и деж, Іей тщІэми дызыхуэзэжынур аращ. Алыхьыр арэзы щыІным телажьэ бзылъхугъэ гумащІэм бын нэщІабжьэ имылъагъуу, и унагъуэ дахэм гу щихуэну Тхьэм дыхуолъэІу.

**АФІЭУНЭ Динэ.**

## ТхьэнэпцІхэм я телъхьэхэм зэрапэщІэтар

Алыхь Лъагэм и лЫкІуэхэр щыпсэуар зэман зэмылІэужьыгъуэщ. Іэдэм иужькІэ щІэблэ зыбжанэм захъуэжащ, цІыхухэм я бжьгъэм хэхъуащ. Дунейм къытехьащ къуажэхэр, къалэхэр, цІыхухэр унагъуэрэ лъэпкъыу зэкъуэуВэ хъуащ. Алыхьым къызыхуриджахэр, Іэдэмкі цІыхухэм яІэригъэхьахэр, тхьэр зи фІэщ хъухэм я дежкІэ хабзэт. Арщхьэкі цыгъупщэхьм хуэдэ хьэл-щэныр цІыхум игъащІэкІи къыхэнащ. Іиблисым ар къиГъэсэбэпащ икІи Езым фІэкІа зыми зыхуамыгъэщхьыну Алыхьым къахуигъэувар цІыхухэм хуэм-хуэмурэ ящыгъупщэ хъуащ. Ар къызэрыхъуар мыпхуэдэущ, Алыхьращ ар нэхъыфІу зыщІэр.

Зи хъыбар къыфхуэтІуэтэну Нухь бегъымбарыр дунейм щытетам абы щыпсэуащ Алыхьыр зи фІэщ хъуа пщІэшхуэ зиІэ лІитху. Ахэр Вад, Суа, Йагус, Йааук, Наср сымэщ. Ахэр псэурт Іэдэм бегъымбарым къызыхуриджахэр зыщамыгъэгъупщэу, пжьыщІэу, цІыхухэм яхуэхьэлэлу, псом ящхьэраща, тхьэр зи фІэщ хъуа лэжьыгъэр фІыуэ зыпльагъу цІыхум мэжэщІалІагъэр хьэзабрэ зыхимыщІэу псэун папщІэ дунейр зэтезыухуа Алыхьым и гущІэгъэр ягу ихуртэкъым.

Пэжу зэрыпсэун хуейм и щапхъэ абыхэм ягъэлъагъуэрт икІи цІыхухэм пщІэ къыхуащІырт - сыт хуэдэ Іуэхукіи, псом хуэмыдэу, Алыхь Лъагэм Іуэпщылінымкіэ, абыхэм зрагъэщхьыну хущІэкъурт.

Арщхьэкіэ а пщІэ лъагэ зиІэ диныр зи фІэщ хъуа цІыхухэр дунейм щехьжыну зэманыр къэсащ. Ахэр зыпльытэу щыта цІыхухэм, къащІэхъуэ щІэблэхэм Тхьэр быдэу зи фІэщ хъуа а цІыхутхур ящымыгъупщэн папщІэ, я теплъэхэр къызыхэщ фэеплъ сын хуагъэуващ. А сынхэр зыгъэувахэм абыхэм зыхуагъэщхьыну загъэхьэзыртэкъым, дунейм ехьжахэм пщІэ хуащІауэ арат. Иджыри лІакъуэ зыбжанэм захъуэжащ, абы кьокІ илъэс куэдджанІауэ, икІи гу лъамытэурэ, шейтІаным игъэІуцІри, цІыхухэм а фэеплъ сынхэм зыхуагъэщхьыу щІадзащ, Алыхьым хуэдэу. Фэеплъхэр тхьэпэлъытэ ящІри, абыхэм захуэгъэщхьынр къызэрыгуэкІ Іуэхугъуэ хъуащ.

А тхьэпэлъытэ сынхэм я деж цІыхухэр къакІуэрт, псалъэм папщІэ, уэгъу къащыщхьуам и деж, икІи ину псалъэурэ зыхуагъазэрт:

- Уа Вад! Уа Суа! Алыхь Лъагэм зыхуэзгъази жефІэ Абы уэшх къытхуигъэкІуэну! Ди къэкІыгъэхэр хокІуэдэж, дэ шхын щхьэкІэ дылІэнкІэ хъунущ!

Тхьэпэлъытэ псэншэжэм ахэр зэхахыртэкъым, ауэ Тхьэ закъуэу щыт Алыхьым гущІэгъу къахуищІырти, уэшх къахуигъакІуэрт. Апхуэдэжэм и деж цІыхухэр гуфІэрти, тхьэпэлъытэ сынхэм щытхъур хуаІэтырт, къурмэн хуаукІырт икІи я зэІуэпэщынигъэм папщІэ фІыщІэ хуащІырт. Апхуэдэдэурэ, хуэм-хуэмурэ, щыгъупщэх цІыху лъэпкъым тхьэпэлъытэ нэпцІхэм зыхуагъэщхь хъуащ, Алыхь Лъагэм берычэт псори къыщзрыбгъэдэкІыр зыщІэ закъуэтІакъуэхэм къыщынэмыщІа.

Тхьэр зи фІэщ хъухэр мащІэ дыдэт, тхьэпэлъытэ нэпцІхэм зыхуэзыгъэщхьэр куэд дыдэт. Алыхь Лъагэм а псори илъагъурт икІи зэхихырт. Абы ещІэ сыт къэхъуами къэхъунуми.

Ябп цІыхур, Іэдэм бегъымбарыр, къигъэщІын ипэкІэ Алыхьым цІыхупсэхэр зэхуишэсри, ахэрат цІыху лъэпкъыр къызытехьукІыжынур, еупщІащ:

- Сэра фи Тхьэр?

Псэ псоми жаІащ:

- НтІэ, Уэ удитхьащ.

Ар ябп икІи нэхъыщхьэу цІыхур Алыхьым зэрыгурыІуа Іуэхугъуэт...

Иджы Алыхь Лъагэм илъагъурт а псэхэм, цІыху Іэпкълъэпкъым къыщыхъуахэм, зы щІэблэм нэхърэ адрейм нэхъ гуащІэжу а зэгурыІуэныгъэр зэращыгъупщэр, уеблэмэ тхьэпэлъытэ сынхэр Алыхьым и пІэ зэрырагъэуВэр. Тхьэр зи фІэщ хъууэ къэнэжа мащІэм ящыщу Алыхьым къыхихащ нэхъ цІыхугъуэ хъун цІыхуу щыт Нухь икІи жриІащ ар Алыхьым и лЫкІуэу зэрыщытыр. Абы къалэн щищІащ и бегъымбарыгъэм щІидзэу тхьэпэлъытэ сынхэм гъэ ящІа цІыхухэм щІэныгъэ пэж ябгъэдилъхьэну.

Нухь Алыхьым и ябп лЫкІуэт, цІыху куэдым хъахихауэ. И псэм и хьабзагъэм, захуагъэм, хьэлэлагъым къыхэкІыу, уеблэмэ тхьэпэлъытэ сынхэм зыхуэзыгъэщхь цІыхухэми пщІэ зыхуащІ Нухь и Іуэху мытыншым - тхьэнэпцІхэр къагъанэу Дыкъэзыгъэщ1а закъуэм икІи ди тепщэ Алыхьым фІэщхьуныгъэ хуащІыжыну цІыхухэр къыхуриджэным - пэрыхьащ.

Ар еэзш имыщІэу лэжьащ, цІыхухэм дэнэ щахуэзэми фІэщхьуныгъэм къыхуриджащ, къагуригъэІуащ тхьэпэлъытэ сынхэм захуэгъэщхьныр гуэныхьышхуэу зэрыщытыр!

## Алыхьым и лЫкІуэхэм ятеухуа хъыбархэр

# Нухь бегъымбар

### Фания бин Мухьэммэд аль-Макки

- Уа си цІыхубэ! Къэзгъанэ псэ зыІумыт, зыри зыхуэзфІэмыкІ тхьэнэпцІхэри, ФыкъэзыгъэщІа Алыхьым зыхуэвгъэщхь - Абы фІэкІа фэ Тхьэ фиІэкъым! Сэ сыщошынэ фэ къыфтралъхьэну тезыр иным! Сэ Алыхьым сыкъыфхуигъэкІуащ ар вжесІэну! Фэ зи фэеплъ сынхэм зыхуэвгъэщхь цІыхухэр Кьытщхьэщытым и пщыІ пэжу щытауэ аращ, ауэ тепщэныгъэ ябгъэдалъкъым, жыфІэр зэхахьыркъым икІи зэрани сэбэни къыфхуэхъуркъым! Фэ дауэ Іэщ1ыб зэрыфщІыфынур флэгъунэгъу, фызэхэзых, фызыІупльагъу икІи фшхыныр къывзэыт Алыхьыр?! Дауэ фэ Дыкъэзыгъэщ1ар мывэ сынхэмкІэ зэрыфхуэжьыфыр? Дэнэ щыІэ фи акъылыр?

ТхьэнэпцІхэм зыхуэзыгъэщхьэр апхуэдэ къыхуеджэныгъэм щышынащ. Абыхэм ящыщ куэдыр къулейт - цІыхубэм тепщэныгъэр щІэщІэлъэт. Я щхьэкІи я цІыхубэм дежкІи ахэр зэхъуэкІыныгъэ гуэр хуейтэкъым, Нухь жраІащ:

- Уэ - уделэщ! Сыт зи гугъу пщІыр? Ди тхьэхэм зыхуагъэщхъ цІыхубэм зэрыщытыр, уэ зэуэ тебгъэчыныхьын щІыбодзэ ар мыпэжу! Уэращ щыуэр, атІэ дэракъым! Уэри дэ тхуэдэу уцІыхущ икІи бегъымбару ущытыфынукъым!

Абы и жэуапу Нухь яжриІащ:

- Сэ сыделэкъым икІи сыщхьэрыуэркъым! Сэ фэ Алыхьым сыкъыфхуигъэкІуащ! Дунейхэм я тепщэр хэтми зэрыфщІыгъупщам къыхэкІыу ар фогъэгубжь. ТхьэнэпцІхэм захуэзгъэщхьныр къэвгъани, Абы фи гуэныхьхэм ящыщ фтрихьнущ икІи фызэгупсысыжыну пІалъэ къывитынущ. Ар мылъкурэ бынкІэ къыфхуэупсэнущ, фэ къыфхуэзакъынущ, фшхын, уэлбанэ, хадэхэр, псыхъуэхэр тыгъэ къыфхуищІурэ! Ауэ фыщылІэну зэманыр къэсыхуэкІэ зыкъэвмыщІэжмэ, фэ Алыхьым къыфхуигъэгъунукъым!

ЦІыхухэм ящыщу мащІэ дыдэщ зи фІэщ хъуар Нухь Алыхьым и лЫкІуэу, ахэр къулейхэм зэрамупэс икІи пщІэ зыхуащІыпхъэу къамылъытэ къулейсызхэрт.

Тепщэхэм Нухь жраІащ:

- Уи яужь иувахэр дэ нэхърэ нэхъ къулеи, зэфІэкІ зиІи хъуакъым! Уэри уи цІыхухэри - фыпцІыупсщ! Фи Тхьэр фэ зыкІи къыфхуэупсакъым!

Нухь къулейхэм жэуап яритащ:

- Алыхьым хуэпщылІыну цІыхухэр къызэрыхуезджэм щхьэкІэ сэ тыгъэ сыщІэлъэІуркъым. Си тыгъэр Алыхьым къысхуигъэфэщэжынщ! Ар мылъкукъым икІи тепщэныгъэкъым. Си тыгъэм ахъшэмрэ тепщэныгъэмрэ елъытауэ куэдкІэ нэхъ гъащІэ кІыхь иІэщ, ауэ фэ ар фщІэркъым!

... ТхьэнэпцІхэм захуэзыгъэщхьэм дэнэ щащІэнт я пащхьэм итыр Алыхь ЛЪагэм игъащІэкІэ иІэтыну цІыхуу!

*Зэзыдзэкіар*

**ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.**

*(КъыкІэлъыкІуэнущ).*

● Хъыбар кІэщІхэр

## И нэхэм ямылъагъуми КъурІэныр къыдегъэкІ

Зи нэхэм зыри ямылъагъу Антальем къыщалъхуа Алтынкайя Адил илъэс 20-м нэблагъуэ КъурІэн къыдегъэкІ, езым хуэдэхэр еджэфыну.

1990 гъэхэм абы къызэригъэпэщащ хьэрфхэр пІащэу къызэрыдагъэкІ станок. Нобэр къызэдсым а Іэмалыр къагъэсэбэпурэ, КъурІэн минищым щигъу традзащ.

## Диныр ехъуэж

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыщ актрисэ цІэрыІуэ Линдси Лохан и диныр ихъуэжыну мурад ищІащ. КъурІэн лъапІэм еджа нэужь, абы жиІащ:

- Дэ, США-м и цІыхухэм, ислъам диным худиІэ еплъыкІэр икъукІэ щыуагъэщ. Ар къыдгурыІуэн папщІэ, КъурІэн лъапІэм егупсысауэ еджэн хуейщ. Абы ущызыгъуэн зыри иткъым.

## Америкэми КъурмэныР къыщалъхьащ

США-м и Мэриленд штатым и школхэм щеджэ муслъымэн сабийхэм я адэ-анэхэр илъэс зыбжанэкІэ зэрыльэІуам ипкъ иткІэ, КъурмэН хьидым сабийхэр еджэнкъым. Хьэлэмэтраци, а махуэм егъеджакІуэхэр лэжьэнущ.

● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

# Шэшэным и Джалкэ къуажэм

**Шэшэным и Джалкэ къуажэм дащІыхьа мэжджытышхуэр Урысейм и нэхъ ин дыдэхэм хабжэ. Ар къызэІуахащ а республикэм и ябп президенту щыта Кадыров Ахъмэт-хьэжы къызэралъхурэ илъэс 60 щрикъум ирихьэлІэу.**

**Мэжджытым елэжьащ архитектор лъэщ дыдэхэр, Тхьэм и унэм и кІуэцІыр КъурІэн Іэятхэмкіэ гъэщІэрэщІащ икІи абы зэуэ цІыху минитхум нэмэз щащІ.**

# Накъыгъэм и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

| Махуэхэр | Пщэдджыжьыр | Дыгъэр къыщыщІэкІыр | Шэджагъуэр | Ичындыр | Ахъшэмыр | Жасыр |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1, тхьэмахуэ | 03.28 | 04.58 | 12.13 | 16.07 | 19.08 | 20.48 |
| 2, блыщхьэ | 03.27 | 04.57 | 12.13 | 16.07 | 19.09 | 20.49 |
| 3, гъубж | 03.25 | 04.55 | 12.13 | 16.08 | 19.10 | 20.50 |
| 4, бэрэжьей | 03.24 | 04.54 | 12.13 | 16.08 | 19.11 | 20.51 |
| 5, махуэку | 03.23 | 04.53 | 12.13 | 16.09 | 19.13 | 20.53 |
| 6, мэрем | 03.21 | 04.51 | 12.13 | 16.09 | 19.14 | 20.54 |
| 7, щэбэт | 03.20 | 04.50 | 12.13 | 16.09 | 19.15 | 20.55 |
| 8, тхьэмахуэ | 03.19 | 04.49 | 12.12 | 16.10 | 19.16 | 20.56 |
| 9, блыщхьэ | 03.17 | 04.47 | 12.12 | 16.10 | 19.17 | 20.57 |
| 10, гъубж | 03.16 | 04.46 | 12.12 | 16.10 | 19.18 | 20.58 |
| 11, бэрэжьей | 03.15 | 04.45 | 12.12 | 16.11 | 19.20 | 21.00 |
| 12, махуэку | 03.14 | 04.44 | 12.12 | 16.11 | 19.21 | 21.01 |
| 13, мэрем | 03.13 | 04.43 | 12.12 | 16.11 | 19.22 | 21.02 |
| 14, щэбэт | 03.12 | 04.42 | 12.12 | 16.12 | 19.23 | 21.03 |
| 15, тхьэмахуэ | 03.11 | 04.41 | 12.12 | 16.12 | 19.24 | 21.04 |
| 16, блыщхьэ | 03.10 | 04.40 | 12.12 | 16.13 | 19.25 | 21.05 |
| 17, гъубж | 03.08 | 04.38 | 12.12 | 16.13 | 19.26 | 21.06 |
| 18, бэрэжьей | 03.08 | 04.38 | 12.12 | 16.13 | 19.27 | 21.07 |
| 19, махуэку | 03.07 | 04.37 | 12.12 | 16.14 | 19.28 | 21.08 |
| 20, мэрем | 03.06 | 04.36 | 12.12 | 16.14 | 19.29 | 21.09 |
| 21, щэбэт | 03.05 | 04.35 | 12.12 | 16.14 | 19.30 | 21.10 |
| 22, тхьэмахуэ | 03.04 | 04.34 | 12.12 | 16.15 | 19.31 | 21.11 |
| 23, блыщхьэ | 03.03 | 04.33 | 12.13 | 16.15 | 19.32 | 21.12 |
| 24, гъубж | 03.02 | 04.32 | 12.13 | 16.15 | 19.33 | 21.13 |
| 25, бэрэжьей | 03.01 | 04.31 | 12.13 | 16.16 | 19.34 | 21.14 |
| 26, махуэку | 03.01 | 04.31 | 11.13 | 16.16 | 19.35 | 21.15 |
| 27, мэрем | 03.00 | 04.30 | 12.13 | 16.16 | 19.36 | 21.16 |
| 28, щэбэт | 02.59 | 04.29 | 12.13 | 16.17 | 19.37 | 21.17 |
| 29, тхьэмахуэ | 02.59 | 04.29 | 12.13 | 16.17 | 19.38 | 21.18 |
| 30, блыщхьэ | 02.58 | 04.28 | 12.13 | 16.17 | 19.38 | 21.18 |
| 31 гъубж | 02.58 | 04.28 | 12.13 | 16.18 | 19.39 | 21.19 |

*Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.*

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.

● Гъуэгу щIэдзапIэ

# КъБКъУ-м къэралхэр зэпещIэ

Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым хамэ къэралхэм кьикIауэ щеджэ студентхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрагъэгъуэт къудейкьым, атIэ адыгэхэм, балъкъэрхэм, урысхэм я щэнхабзэм зыщагъэгъуазэ, лъэпкъ хабзэхэмрэ нэгъуэщI щхьэхуэныгъэхэмрэ зрагъащIэ, ди лъахэм щекIуэкI псэукIэмрэ и щIыпIэ нэхъ дахэхэмрэ зрагъэлъагъу, ди цIыху цIэрыIуэхэм нэIуасэ зыхуащI. А псори зи фIыщIэр къыщалъхуа хэкум пэIэщIэу еджэ ныбжьыщIэхэр зи нэIэ щIэт егъэджакIуэхэрщ. КъБКъУ-м хамэ къэрал кьикIахэм ядэлэжьэныкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ Тэнащ Тамарэ иджыпсту урысыбзэр зэзыгъащIэ гупым гурэ псэкIэ ядолажьэ.

Университетым зэрыщеджэным зэрыхуигъэхьэзырым, бзэр зэраригъащIэм къыдэкIуэу, Тамарэ ныбжьыщIэхэр щегъэгъуазэ ди лъэпкъ гупсысэкIэм, адыгэ хабзэм, ярегъэцIыху цIэрыIуэ хъуа ди лъэпкъэгъухэр. Апхуэдэу иджыблагъэ аехэр щыIащ Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ, Къэбэрдей-Балькъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ Мухьэмэд и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъум теухуауэ Кэнжэ къыщыдэзрагъэпэща пшыхьым. Хьэфыщ Iэм и IуэхущIафэхэм, хэкум, лъэпкъым папщIэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм Тэнащ щыгъуэ студентхэм яхутепсэлъыхьати, ялъагъу псори яфIэгъэщIагъуэнт. КъыщыхэкIа лъэпкъыр зэгъэуIуэжыным, зэпыщIэжыным иужь иту Мухьэмэд къэрал куэдым зэрыщыIам, абы иджыри къыздэсым иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм дихьэхати, ХьэфыщIэр нэхъ гъунэгъуу зрагъэщIыхуныр я хъуэпсапIэт. Ар къэйхъулIауэ жыпIэ хъунущ хамэ къэрал кьикIа студентхэм, сыту жыпIэмэ а пщыхьэщхьэм Мухьэмэд и гъащIэр зыхухиха Iуэхуэмрэ и дуней тетыкIэмрэ теухуа куэд утыку щыжаIащ и ныбжьэгъуэмрэ и лэжьэгъуэмрэ.

ЦIыхуущIэ къызэрацIыхуам, адыгэбзэ шэрыуэ зэрызэхахам (абыхэм бзэр зыщIи зымыщIи яхэтт), концерт гукъинэж зэреплъам щыгугъыкIыкIыу зэбгрыкIыжащ езы студентхэри.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

*Сурэтым:* **Хьэткъуэ Мухьэмэд (Сирие), Тэнащ Тамарэ, ХьэфыщIэ Мухьэмэд, Диаките Балакиссэ (Мали), Чой Хио Джин (Корее Ипщэ), Щоджэн Линдэ (Сирие), Дэрокъуэ Симаэз (Иордание).**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

# Гулъытэ хуэныкъуэхэр

**Дзэлыкъуэкъуажэ посёлкэм щекIуэкIащ «Къуалбзухэм я дунейр дывгъэхъумэ» зыфIаща щIыналъэ Iуэхугъуэ. Абы хэтащ районым и курыт школхэм я егъэджакIуи 182-рэ.**

ГЪАТХЭР - гъэм и зэман гъуэзэджэщ, дыкъэзыухъуреихь дунейр щIымахуэ нэужьым къыщIэзэщIэуцэ, гухэлъ къабзэм, гуфIэгъуэмрэ гугъэмрэ щIэщыгъуэу ухуэзыгъэуцэ лъэхъэнэщ. Аращ абы илъэсым и пщэдджыжь пшэплъкIэ щIеджэри! Зэрыхабзэу, дапщэщи гъатхэр кьыгъэзыхьри кьуалбзуэхэщ.

Телъыджащэщ дунейм и къэхъугъэхэр: кьуалбзуэхэм щIы хьурейр я хэщIапIэщ, абыхэм я уэгу гъащIэм, я уэрэдхэм дыдеихьэх, дегъэгуфIэ, кьищынэмыщIауэ, сабэпыщIуэ мэхъу - жыгъэмрэ кьэкIыгъэхэмрэ хьэпIащIэхэм щажьумэ. ЦIыхумрэ кьуалбзуэмрэ зэрызэсэрэ куэд щIащ. ТфIэгъэщIэгъуэну кьуалбзуэхэм дакIэлъэоплъ, я уэрэд жьгъыурухэмрэ я бзэрэбзэкIэмрэ дызэIэпешэ, тфIэфIу дыщIодэу.

ЩIыналъэ акцэр зытеухуауэ щытар кьуалбзуэхэр хьумэн, абыхэм хуэсакъын зэрыкуэйм еджакIуэхэм гу лъегъэтэнырщ, а Iуэхум и мыхьэнэр нэхъыфIу кьагурыгъэIуэнырщ.

Къыхалъхьа Iуэхугъуэм хэтын папщIэ, курыт школ 15-м я еджакIуэхэм лэжьыгъи 156-рэ ягъэхьэзыращ. Абы и лъэныкъуэкIэ Дзэлыкъуэкъуажэ посёлкэм и есанэ, и етIуанэ школхэм щыщхэм (лэжьыгъэ 42-рэ), светловодскдзэ ныбжьыщIэхэм (32-рэ), «РЩДО» ДОД-мрэ (21-рэ) «Прогимназие №1»-мрэ (15) щеджэхэм, Сэрмакъ къуажэм и лIыкIуэхэм (лэжьыгъэ 13) нэхъ жыджэру зыкъагъэлъэгъуащ.

Зэраубзыхуам тету, сабийхэм я IэдакъэщIэкIхэр ягъэльэгъащ, щыкъэн телъхьэпIэхэр кьызыхащIыкIамрэ зыхуащIа кьуалбзуэхэмрэ щхьэхуэу тепсэлъыхьащ. Адэ-анэхэр ящIыгъуу ныбжьыщIэхэм ягъэхьэзыра кьуалбзуэ гъэшхапIэхэм я щIыкIэри я теплъэри хуабжьу зэмылIэужьыгъуэт, удзэзыхьэхт. Абыхэм къагъэсэбэпат картон ашыкхэр, жыг кьудамэ цIыкIуэхэр, пластик птулькIэхэр, пхъэбгъу пIащIэхэр, нэгъуэщI куэдхэри.

Гъэпсыгъуэныгъэ нэужьым Дзэлыкъуэкъуажэ посёлкэм и зыгъэпсэхупIэ хадэм (паркым) щыкъэн телъхьэпIэхэр жыгхэм щыфIадзащ. Лэжьыгъэр дагъэпсынщIэу, адэ-анэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ школакIуэхэм ядэIэпыкIуащ, кьуалбзуэхэм я шхыныгъуэр зыхуэдэр, ахэр щетыпхъэ зэманыр сабийхэм хуаIуэтащ.

Мы Iуэху щхьэпэр абы хэта псоми гукъинэж зэращыхьунум шэч хэлъкъым.

**ЩОКЪУИЙ Iэминэ,**
*Дзэлыкъуэкъуажэ муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ Iапи эм и унафэщI.*

● ХьыбарегъащIэхэр

# Утыку кърахьэ

**Нобэ Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ Сурэтыщ IуэхуэдзкэхэмкIэ музейм «Миру - мир!» фIэщыгъэм щIэт гъэлъэгъуэныгъэ къыщыдэIуахынущ. Ар Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 71-рэ щрикъум ирихьэлIэу ирагъэкIуэкI дауэдапщэхэм хэту къызэрагъэпэщащ. Абы и жэрдэмщIакIуэр Налшык къалэ администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэрщ.**

ВЫСТАВКЭМ утыку къыщрахьэнущ республикэм щыцIэрыIуэ сурэттехэу Толгуров Камал, Подва Алика, Сенич Михаил, Елькъэн Артур, Казгдэхъу Азэмэт сымэ я лэжьыгъэхэр.

Гъэлъэгъуэныгъэр сыхьэт 16-м щIидзэнущ.

# Ди къэралым щынэхъыфIхэм ящыщщ

**Нобэ ГъуэзджэхэмкIэ сабий школ №1-м щеджэхэм Музыкэ театрым концерт щатынущ. Налшык къалэ округым и администрацэм къызэрыгъэпэща пшыхьым ныбжьыщIэхэм иужьрей илъэситхум зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэ псоми щагъэлъэгъуэнущ. Апхуэдэуи школым и егъэджакIуэ нэхъыфIхэр щIыхь тхыльхэмкIэ ягъэлъэпIэнущ.**

НАЛШЫК дэт ГъуэзджэхэмкIэ сабий школ №1-р ди къэралым щынэхъыфIу кьалъытэ еджапIэ 50 хагъэхьащ. А зэпеуэр 2015 гъэм «Урысейм и сабий зэчиифIэхэр - 2015» фIэщыгъэм щIэту УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIауэ щытащ.

Пшыхьыр сыхьэт 17-м щIидзэнущ.

# Шэджыхьэщ Iэ Мухьэмэд и фэеплъ пхъэбгъур

**Политикэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, зауэм, лэжьыгъэм я ветеран Шэджыхьэщ Iэ Мухьэмэд и фэеплъ пхъэбгъу мэлыжьыхьым и 29-м Налшык къыщыдэIуахынущ.**

ПХЪЭБГЪУР Шэджыхьэщ Iэр щыпсэуа, Лениным и цIэр зезыхьэ узрамым тет 21-нэ унэм щыфIадзэнущ.

ЦIыщIидзэнур сыхьэт 11-рщ.

# Пшыхьым фрагъэблагъэ

**КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым накъыгъэм и 19-м щекIуэкIынущ «Бжьамий» ансамблым и уэрэджьIакIуэ, гъуэзджэхэмкIэ «Сочэ-2013» дунейпсо зэпеуэм и лауреат Аслъэн Iэсият и юбилей пшыхь.**

КОНЦЕРТЫР ягъэдзэнущ Сокъур Ольгэ, Нэхущ Чэрим, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Лий Аслъэн, Щэрмэт Людмилэ, Балъкъэр Юрий, Лосэн Тимур, Шал Хьусен, ТхьэкIумащIэ Аслъэн, Уэзрокъуэ Чэрим, «Кабардинка» ансамблымрэ кьафэмкIэ «Каллисто» театрымрэ.

● Щахматэр

# Урысейм и чемпионатыр къапоплъэ

**Дагъыстэным и Избербаш къалэм щекIуэкIащ шахмат псынщIэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и чемпионат. А зэпеуэм хэтащ спортсмен 84-рэ.**

ЗЭХЬэЗЭХУЭМ бжьыпэр щызыIэригъэхьащ очкои 9-м щыщу очкои 7,5-рэ къэзыхьа налшыкдзс Козак Александр.

Апхуэдизи очко бжьыгъ а зэпеуэм щызэIэрагъэхьащ дунейпсо гроссмейстер Габриелян Артуррэ Быков Егоррэ (тIури Ставрополь крайм щыщщ). Щыми Iэмал ягъуэтащ накъыгъэ маззм Сочэ щекIуэкIыну Урысейпсо чемпионатым хэтыну.

**ТЕМЫР Уэлий.**

● Щапхъэ

# КъикIуэт ищIэркъым

**ЦIыхур жану, къарууфIэу, теплъэ екIу иIэу щытын папщIэ щысабийм щегъэжьауэ спортым дихьэхын хуейщ. Абы Iэпкъльэпкъыр зэкIуж зэрищIым, узыншагъэр зэрыригъэфIакIуэм къыщымынэу, гугъуехым къыпимыкIуэту, ерыщу и мурад зригъэхьулIэу щыхур егъаз. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэ зытепх хъунухэм ящыщщ МысостышхуэИслъам.**

ИСЛЪАМ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэсибгъу щрикъуам кикбоксингымрэ Iэпщэрбанэмрэ зыхуигъасэу щIидзэри, я къуажэм дзт спортзалым илъэс щщыкIузкIэ кIуащ.

И Iэпкъльэпкъыр псыхьа зэрыхъум, и зэфIэкIым зэрыхэхъуэм и щыхьэту, абы зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм япэ ивыпIэхэр къыщихьырт. Ар зэпеуэ куэдым щыIащ икIи нэхъ бзэм пашэ щыхьащ. Ауэ зыгуэр къыщытекIуи къэхъунтакъэ? Абы щхьэкIи къикIуэтыртэкъым Мысостышхуэр, нэхъри ерыщу зигъасэрт. НобэкIэ ЦIыкум спортсмен гъэрыхьэм щIыхабжэ зэфIэкI иIэщ. Абы Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щекIуэкIауэ щыта зэхьэзэхуэм япэ ивыпIэр къыщихьри, дыщэ медаль иIыгъуу къэкIуэжащ. IэпщэрбанэмкIэ, кикбоксингымкIэ спортым и мастерым и кандидатщ.

И узыншагъэм сэкъат зэрыгъуэтам къыхэкIыу,Ислъам спорт Iуэхур пIалъэкIэ къимыгъанэу хуэдэкъым, ауэ хьэфIидзэпакъым - Налшык къалэм дэт «Легион» спортзалым какIуэу, пауэрлифтинг спорт лIэужьыгъуэм зыкуегъасэ.

И ныбжькIэ щIалэми, спортым щыпхиша лъагъуэр жыжьэ нэмысами, абы щытхъу тхыльэ, дыщэ медаль куэд къыхуагъэфэщащ, дунейпсо рекорд щэ игъуэваща, зи хьэпIагъэр килограмм 60 хъуэхм я дунейпсо рейтингым пэ ивыпIэр щыIыгъщ. Ар хущIокIу спортым и мастер цIэр къызэрихьыным. Къалэн зыщищIыжам ар зэрыпIэзэсынум шэч къытетхъэркъым.

**ЯКУЭКЪУТЭ Марьянэ,**
*КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм и ехжакIуэ.*

● Футбол

# Япэу текIуахэмрэ хагъэщIахэмрэ

**Ди республикэм футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГуэр хуабжьу удэзыхьэхыу щытащ. Япэу текIуахэри хагъэщIахэри абы щыIащ.**

НЭГЪАБЭ лъандэрэ дызэрырагъэсауэ, «Къэхъуныр» «Автозапчасть»-мрэ бжьыпэр яхуэзэригъэуэтыркъым. «Союз-Сэрмакъми» абыхэм зэкIэ закъыкIэригъэжьуркъым. Япэ ищахэр мы гъэм ирагъэкIуэкIа еппланэ джэгуГуэми щытекIуащ икIи я хьэрхуэрэгъуэм ящхьэщыкIащ.

Пашэхэм кIуэ пэтми нэхъ къакIэроху Нарткъалэ и «Нартыр». 2016 гъэм япэу къызэрыхагъэщIам и зэранкIэ ар ебланэ увыпIэм нэс къещэтэхащ. Ардыдэр къыщыщIащ абы къыкIэлъыкIуэу къыщыхута «Iэдииухум».

Иджыри къэс псоми къыхагъащIэурэ екIуэкIа командитI Кэнжэ щызэхуэзат. Абы «Бахьсэныр» бжьыгъэшхуэкIэ щытекIуащ икIи иужь дыдэ увыпIэм икIри епщыкIуГанэм нэс зиIэтащ. «Кэнжэр» иджы псоми къакIэроху. Пэжщ, кэнжэдэсхэми хуэдэу зы очкои зэкIэ зыIэрагъэхьэфакъым «Родник»-мрэ «Горис-179-Кавказкабель»-мри, ауэ абыхэм топ дагъэкIахэмрэ зэрызэхущытыр хэщIыкIыу нэхъыфIщ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщIыгъщ «Къэхъуным» и пашэ ШащIэ Беслъэн. Абы адрейхэр зэрыпэжьыжьащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щызэхэта пэщIэдзэ зэIущIэхэм къарикIуа бжьыгъэхэм. Мис ахэр: **«Велес»** (Къэрэгъэш) **«Тэрч»** (Тэрч) - 1:1, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Горис-179-Кавказкабель»** (Прохладнэ) - 4:0, **«Спартак-Налшык-Д»** (Налшык) - **«Къэхъун»** (Къэхъун) - 0:5, **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - 2:0, **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) - **«Iэдииху»** (Iэдииху) - 3:1, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - 2:2, **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - 2:7, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Бедик»** (Аргудан) - 2:3.

Етхуанэ джэгуГуэм щызэIущIащ «Бахъсэн» - «Спартак-Налшык-Д», «Къэхъун» - «Родник», «Бедик» - «ЛогоВАЗ», «Псыгуэнсу» - «ХьэтIохъущыкъуей», «Iэдииху» - «Союз-Сэрмакъ», «Нарт» - «Автозапчасть», «Горис-179-Кавказкабель» - «Велес», «Тэрч» - «Кэнжэ» командэхэр.

Абыхэм къарикIуа бжьыгъэхэм нэхъ иужьыIуэкIэ фыщIыдгъэгъуэзэнщ.

**ХЬэТАУИслъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «Къэхъун» | 4 | 4 | 0 | 0 | 17-4 | 12 |
| 2. «Автозапчасть» | 4 | 4 | 0 | 0 | 13-2 | 12 |
| 3. «Союз-Сэрмакъ» | 4 | 4 | 0 | 0 | 12-5 | 12 |
| 4. «Бедик» | 4 | 3 | 0 | 1 | 10-4 | 9 |
| 5. «Псыгуэнсу» | 4 | 2 | 2 | 0 | 8-6 | 8 |
| 6. «ХьэтIохъущыкъуей» | 4 | 2 | 1 | 1 | 7-5 | 7 |
| 7. «Нарт» | 4 | 2 | 1 | 1 | 8-7 | 7 |
| 8. «Iэдииху» | 4 | 2 | 1 | 1 | 6-6 | 7 |
| 9. «Тэрч» | 4 | 1 | 1 | 2 | 5-8 | 4 |
| 10. «Велес» | 4 | 1 | 1 | 2 | 13-15 | 4 |
| 11. «ЛогоВАЗ» | 4 | 1 | 1 | 2 | 7-9 | 4 |
| 12. «Бахъсэн» | 4 | 1 | 0 | 3 | 10-13 | 3 |
| 13. «Спартак-Налшык-Д» | 4 | 0 | 2 | 2 | 2-10 | 2 |
| 14. «Родник» | 4 | 0 | 0 | 4 | 6-10 | 0 |
| 15. «Горис-179-Кавказкабель» | 4 | 0 | 0 | 4 | 2-9 | 0 |
| 16. «Кэнжэ» | 4 | 0 | 0 | 4 | 9-22 | 0 |

● Щыуэпс

# «МэзгъэфIэнхэм я лъэмакъ»

**ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэр (ООПТ - Особо охраняемые природные территории) гъэлъэпIэным теухуа Iуэхугъуэхэр. «МэзгъэфIэнхэм я лъэмакъкIэ» («Марш парков») дыздэдзэ, къэрал 200-м щIигъум мэлыжьыхьым и 22-м щыщIэдзауэ махуитхукIэ щрагъэкIуэкI.**

ДИ КЪЭРАЛЫМ «МэзгъэфIэнхэм я лъэмакъым» и къызэгъэпэщакIуэщ ООПТ-хэр, щIыуэпсым кIэлъыплъныгъэ къыхуэзэыгъэпэщ Iуэхущ Iапи эр («Росприроднадзор»), ЩIыпIэ дзэгухэрэ абыхэм щыпсэу псэущхьэхэр хъумэныкIэ центрыр, нэгъуэщIхэри.

УФ-м «ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэу» 100-м щIигъу итщ. Абыхэм я Iыхьэ щанэр ЮНЕСКО-м и биосферэ хьэмалъэу кьалъытэ икIи дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъэфIыгъуалъэхэм хабжэ.

А махуэхэм мэзгъэфIэнхэмрэ паркхэмрэ щIыхуэр щызэхуэзэсыным, жыгыщIэхэр щIигъэтIысыным, кIэрыхуэбжьэрыухэр щызэхуэзэсыным, псынащхьэхэр щIигъэкъэбзэным, пресс-конференцэхэр щегъэкIуэкIыным, нэгъуэщIхэми я мыхьэнэр зыхуэкIуэжыр зыщ: властыр, цIыхубз хьыбарегъащIэ Iуэхущ Iапи эхэр, хьэрычэтыщIэхэр, дунейм цIыхуу тет псори «ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм» гулъытэ хэха зэрыхуэущIипхъэм, дыкъэзыухъуреихьэр ди псэупIэу зэрыщытым егъэгупсысынырщ, щIыпIэ дзэгухэр зи хэщIапIэ хьэкIэхъуэкIэхэри кьэкIыгъэхэри гуэзэвгъуэ зэрыхэхуам дунейпсо жыгагъуэр щыгъуазэ щIыныр щ, кьытщIэхъуэ щIэблэр щIыуэпсыр хъумэным хуэущиныр щ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэзыт телекомпанием, «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Нюр», «Солнышко», «Нур» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием, «Эльбрус» тхыльэ тедзапIэм, «Тетраграф» ООО-м, «КъБР-м и цIыхубэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ Iапи эхэм я лэжьыгъэр зэхьэзэхуэгъэпэщ комплекс центр» къэрал кIэзонэ Iуэхущ Iапи эм я лэжьакIуэхэр Урысейм и Журналистхэм я союзым хэт, «Нюр» журналым и редактор **Боттаевэ Ритэ Ачанэ и пхъум** хуогузавэ абы и дэлъху **Кучменов Ануар Ачанэ и къуэр** зэрыпIам къыхэкIыу.

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марин** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэущ зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыдзэ Замирэ, Хьэжьыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

**Езыгъэтхаэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторыр нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэущ зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ Iапи эхэм я адэлжьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщалъэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр I994 гъэм мэжьауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр зэчыныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапи эм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДышэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужькъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Марин, Жыр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецго Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ традзэн хуэдиз щыгъуэ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №552**

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДышэкI Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу* **Нэужькъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Марин, Жыр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецго Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ традзэн хуэдиз щыгъуэ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №552**